

## Chapo Ba Mako

### Istwa Fiksyon Reyalis



***Kesyon esansyèl:*** Poukisa Mako te vin pat bezwen pou papa l te achte yon tenis nèf pou li ankò?

Mako se yon ti non gate Mak Antwàn genyen. Li te gen ti non sa pou yo te kapab diferansye li menm ak papa li paske yo genyen menm non. Mako renmen jwe baskètbòl anpil. Yon bon jou pandan li t ap pratike konsa, adezif ki te kenbe semèl grenn tenis li te dekolè. Mako, pandan l te nan wout ap retounen lakay, bese pou li ranje tenis li. Malgre sa li pat janmen **dekouraje** ak vye tenis li. Li konnen li te genyen tout sezon ete a devan l pou l pratike.

Fanmi Mako pat genyen ase lajan pou yo te achte yon lòt tenis pou li.

Lè Mako rive lakay, li jwenn papa l ap travay nan yon ansyen **irigasyon** nan vilaj kote yo te abite a.

«Papa, gade tenis mwen an fin tounen sandal.» Mako di papa l. «M ap parye avè w ou pap kapab ranje l ankò.»

«Mwen pap kapab achte soulye nèf pou ou kounye a.» Papa Mako di l.

«Mwen di w sa deja, Mako; an nou tann sezon lapli a.»

Vilaj kote Mako ak fanmi li tea bite a te genyen yon gwo **sechrès**.

«Sètènman, Papa.» Mako reponn ak yon **fistrasyon**. «Koulye a fòm rete tann lapli tonbe. Après pou mayi yo grandi. Après pou yo seche. Après pou m tann rekòlt la. Après pou m pote yo kay Bòs Matye pou **konsève** yo anba tè. Après pou yo pote yo vann nan mache. Distans pou tout bagay sa yo sezon baskètbòl la ap gentan fini.»

Yon bon jou konsa **majistra** vilaj la rele tout moun pou yon reyinyon pou diskite sou zafè sechrès la. Pandan Mako ak papa l te nan wout pou preske rive, yo te tandè reyinyon an te gentan kòmanse.

«Nou pa ka rete ap gade sechrès la konsa; an nou itilize estrateji gran paran nou yo te konn itilize.» Propozisyon papa Mako lè l antre nan sal reyinyon an. «Yo te konn fouye tè pou chèche dlo.»

Tout moun tonbe ri, papa Mako soti kite sal la byen wont.

Nan demen maten, papa leve byen bonè, li pran de pèl, li rele Mako, yo chèche yon zòn epi yo kòmanse fouye twou. Yo pase anpil jou ak semèn ap travay jiskaske yo te vin jwenn dlo. Yo te kontan anpil. Tout moun zòn nan te kontan. Majistra vilaj la te rekonèt Mak Antwàn, papa Mako, kòm pi gran ewo ki genyen nan zòn nan. Sa k te fè Mako pi kontan se yon ansyen tenis li li te pèdi epi l te jwenn li bò kay Komè Fransin.

«Koulye a se lè pou n al achte tenis nèf la.» Papa Mako di.

«Non papa, ou pa bezwen fatigue kò w.» Mako di Papa.

Non: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

**Kesyon esansyèl:** *Poukisa Mako te vin pat bezwen pou papa l te achte yon tenis nèt pou li ankò?*

---

---

---

---

---

**Konplete Tablo a**

**Detay:**

**Detay:**

**Detay:**

**Detay:**

**Pwen vi otè a:**

